## Deklarasyon Dwa Moun ki Viktim



### Ou gen dwa pou:

- Jwenn yon egzamen legal kit ou te fè rapò bay otorite legal yo ou pa
- Jwenn yon defansè akonpaye w nan egzamen mediko-legal la
- Fè yo voye fè tès sou egzamen mediko-legal la nan entèval 30 jou, si ou te fè rapò bay otorite legal yo
- Revize rapò otorite legal yo avan ou soumèt dokiman final la
- Jwenn enfòmasyon, prezante, epi jwenn moun pou tande w pandan tout etap krisyal nan pouswit penal oswa pou minè an
- Gen yon defansè avèk ou pandan yon depo pyès a konviksyon
- Kenbe enfòmasyon ki ka idantifye w yo konsènan envestigasyon kriminèl la konfidansyèl
- Fè tès VIH ak epatit pou agresè a, si li kondane
- Asiste seyans santans oswa desizyon kont agresè a
- Notifikasyon sou pwosedi jidisyè ak chanjman orè yo
- Notifikasyon konsènan liberasyon agresè ki te nan prizon
- Mande restitisyon
- Bay yon deklarasyon enpak sou viktim nan
- Pa oblije pase tès poligrafi (deteksyon manti)
- Pou pran jiska 3 jou absans peye nan travay (ak anplwayè ki elijib)
- Aplike pou yon entèdiksyon si ou gen krent pou sekirite w oswa agresè ap pwoche ak liberasyon li

## Dedomajman Viktim



### Ou ka elijib pou asistans finansyè pou:

- Swen medikal
- Si w pèdi salè
- Sèvis swen sante mantal
- Demenajman
- Lòt depans ki an rapò ak dega krim lan koze

### Kontakte sant èd pou viktim vyòl sètifye nan zòn ou pou plis enfòmasyon.

Pwojè sa a gen sipò Sibvansyon No 2015-WL-AX-0037 ki soti nan Biwo sou Vyolans kont Fanm lan, Depatman Lajistis Ameriken. Opinyon, rezilta, konklizyon ak rekòmandasyon ki eksprime nan piblikasyon sa angaje otè a(yo) sèlman men yo pa nesesèman reflete pozisyon Depatman Lajistis, Biwo sou Vyolans Kont Fanm.

## Resous

**Florida Council Against Sexual Violence (Konsèy Florid Kont Vyolans Seksyèl)**
**1-888-956-7273**
**www.fcasv.org**

**Dedomajman Viktim**
**1-800-226-6667**
**www.myfloridalegal.com**

**Depatman Lapolis Florid (Florida Department of Law Enforcement)**
Inite Kadèjakè/ Predatè
**1-888-357-7332; 1-850-410-8572**
**Pou Jwen Aksè nan TTY: 1-877-414-7234**
**E-mail: sexpred@fdle.state.fl.us**

**Depatman Koreksyon Florid Enfòmasyon**
Viktim ak Notifikasyon Chak Jou (Victim Information and Notification Everyday, VINE)
**1-877-VINE-4-FL**
**www.dc.state.fl.us/oth/victasst/index.html**

**Liy Asistans Florid pou Viktim Abi**
**1-800-962-2873**

### Sant Ed pou Viktim Vyòl Lokal

**Palm Beach County Victim Services**
**& Certified Rape Crisis Center**
**Victim Services SART Center**
4210 North Australian Avenue
West Palm Beach, FL 33407
Office: 561-625-2568
**Helpline: 866-891-RAPE (7273)**
www.pbcgov.com/publicsafety/victimservices

March 2017 - 1000

# Abi Seksyèl

## Dwa ak Sèvis ou yo

Si ou se viktim yon agresyon seksyèl, ou gen sèten dwa. W ap jwenn sèvis sipò gratis tou kèlkeswa si wi ou non ou kontiny ak pouswit penal la.

**Rele 1-888-956-7273 pou yo refere bay sèvis lokal yo.**

